

Agasya Chwal Simbi, 1-9

Emile Célestin Mégie ~ “Sosyete Koukouy”
Lanmou pa gen baryè (1976)

Objektif Mégie:

- Entèprete kilti ayisyen an
- Devlope yon literati kreyòl ki adrese fenomèn kreyòl
- Louvri yon deba; etidye yon sistèm kiltirèl (vodou)
- Kataloge epi klasifye aspè nan kilti ayisyen an
- Prati ke lar
- Amize tèt lektè yo; fè kòb

Kesyon yo

1. Ki kalite istwa ou ap tann nan liv sa a?
2. Kote chirepit la?
3. Nan ki klas sosyal Agasya leve?
4. Kisa ki enterese l? Kisa l gen lakay li?
5. Kote Agasya ale nan chapit 2?
6. Dekri ki kalite bagay li wè ak tande.
7. Sa k rive Agasya nan fen dans vodou sa a?
8. Kote Agasya ale jou dimanch la?
9. Kisa l fè la? Sa k pase la a?

Vokabilè

bèl epi malouk anmenmtan

bouyivide

/ careless, slipshod

angonse

tandans kontrè k ap **rale mennen kase** / **free for all**

li te ba yo de choukèt...

Agasya 1-9 kontinye

fè lavironn [*laviwonn*] potomitan an

djayi, tonbe lwa

li te dekonstonbre

litani sen

lespri l anboulatcha

pete youn ekla ri

gade youn tentennad!

antonnen premye nòt la

li espante

“Youn makònay fòmasyon natifnatal ak fòmasyon oksidantal”

“kilti depaman nan fòlman youn nanchon k ap bouske chimen pwogrè”

Agasya Chwal Simbi: 10 – 22

di yon moun yon sekrè
replike, reponn yon moun
yon moun gen de kote
chan legliz
angonse nan yon bagay
pitit (mwen pou yon fi)
anpil pouvwa
li yon liv
tranble
mo pou timoun nan vodou
gade yon moun yon fason grav
bèl òtograf
15 minit
yon tèz
lè ou renmen yon bagay
maji ou pa ka wè
Yon mo ki fèt ak premye lèt nan
yon bann mo

li te **avwe** yo
Agasya **retòke**
se moun **adefas**
kantik katolik
al **anfèje** l nan bibliyotèk la
men, **mafi**, moun pa ka...
toupisan
feyte
tresayman
ayovi
figi yo byen **mòksi (mòksis)**
kaligrafye
ti **kadè**
memwadsòti
li pa te kapab pa **antiche**
voye pwen

fòmè yon **sig**

Kesyon yo

Ki kote yo rete?	Marigo
Poukisa fanmi Agasya preyokipe?	Sa k te pase legliz la
Kijan papa ak manman l rele?	Kesni ak Jerilya
Ki wòl lwa yo genyen vizavi Bondye	entèmedyè
Èske Agasya gen yon lide pozitif sou Vodou?	'liyorans pèp la' (15)
Èske fanmi Agasya kontan ak kiriyosite l'?	Pa vrèman.
Èske yo pral tolere sa l vle fè a?	Wi. Lè fini, yo ede l.
Ki kalite bagay Agasya fòmè? Poukisa?	SEVA

Agasya Chwal Simbi, 23-33

1. Kisa fanmi Agasya òganize?
2. Ki moun ki pale nan randevou a?
3. Ki pèspektiv sou Vodou moun nan randevou a te bay?
4. Ki efè reyinon an genyen sou Agasya ak fanmi l'?
5. Kijan monpè Franse-Breton reyaji?
6. Èske yo dekouraje pou sa?
7. Kote Agasya renmen ale pou l aprann plis sou Vodou?

Politeyis	Hendouyism
Monoteyis	Islamism
Animis	Jidayism
Boudism	Jayinism

Bramanism	Konfisyanism
Chamanism	Krisyanism
Druyidism	Manicheyism
Fetichism	Paganism

Vokabilè

dijere tout **kontni**

fè **fouyapòt**

jennjan **eklere**

zafè **lamanjay**

moun chita an **demisèk**

pou n koumanse **divèti** nou

tanmen **debouche** kola

makanda, chòchelri

bwi **ajantri** ak bwi bouch k ap **gwouye**

entèvni pou **mete ola**

se yo ki **braye** plis

reyinyon **woy-woy**

fèse ou atè

bann **awouya**-chanpwèl

fyasko reyinyon an

kenbe l **fèmalaganach**

Agasya Chwal Simbi, 34-47

1. Ki santiman Agasya genyen pou Solon?
2. Eske paran Agasya dwe kite l fè sa l vle nan koze relijyon?
3. Kisa Agasya vle Solon fè avè l? Èske Solon dakò?
4. Èske Agasya ap di paran l sa l ap fè?
5. Ki laj Agasya genyen?
6. Ki jan yo rele gangan an?
7. Poukisa Agasya chwazi li menm?
8. Ki grad Agasya pral pran nan sobagi a?
9. Dekri kèk bagay Agasya dwe fè nan sobagi a.
10. Nonmen kèk bagay ou kapab jwenn nan sobagi a.

Vokabilè an ekip...

- | | |
|------------------------------------|--------------------|
| 1. to walk around the perimeter... | fè viwonn |
| 2. to mutter | mamonnen |
| 3. to rant on... | deblatere |
| 4. a kiss | you beko |
| 5. she was interwoven with... | makònen |
| 6. to be lulled in sleep | dodomeya |
| 7. huge honking something | yon kokennchenn... |
| 8. event | evennman |

9. stomach in his mouth, stressed
10. take a break

kè sou biskèt
pran youn kanpo

Agasya Chwal Simbi

Kisa moun yo fè nan paj sa yo?
Esplike sa k pase pandan yon “Boule-Zen”?
Poukisa yo rele l yon “Boule-Zen”?
Ki kalite moun ki nan peristil la? Ki kalite moun ou te ka wè?
Kisa Solon t ap fè pandan retrèt “Gagas”?
Kisa oungan an trase atè a? ak kisa?
Esplike “fè je lespri yo vin pi klere”
Kisa moun ki fèk kanzo yo pral fè nan basen an?
Esplike sa k nan fon pawòl nan chante ki di:
“M pral adore nan pye djaweton mwen...”
Ti degi: “Kout badjekoun sou manman tanbou a fè asistans la
tresayi”
Kisa hounsi yo fè nan dlo a apre yo fin batize?
Ki lwa ki parèt pandan yo nan dlo a
Poukisa Solon “sinik” avèk sèn nan
Lwa yo “bay yon manbo je.” Sa ou kwè sa vle di?

[“Zen = iron or clay pot used in *kanzo* initiation rites]

yo siwolin kò yo sip slowly, sweet talk, savor...oh yeah!
bout pou bout, solon di..
lòlòy mwen t ap kolboso
te kannèl
zèklè tanmen siyonnen syèl la
bouske materyo
nan eta sentete Agasya te ye
panche sou devan, kage sou dèyè
badleken canopy
santi youn remolin anba syèl kè li
current; tide; eddy

Agasya 60-76

1. Sa k pase lè Agasya ak Solon t ap di Milo ak fanmi li orevwa?
2. Kisa ki mete lespri fanmi Agasya anboulatcha?
3. Kesni panse Agasya ak Solon ap fè ki bagay? Lib...
4. Kijan Solon te vwayaje nan Saltwou?
5. Poukisa Agasya ak Solon pa vle rantre nan kamyon an ansanm?
6. Kisa Agasya fè lè l rantre?
7. Si li te pitit ou, kisa ou t ap fè akòz sa?

8. Èske yon moun ki gen 20 an, 22 an gen dwa fè sa l vle?

Vokabilè:

anbachal wou ve kolibèt
pwèn ton rekile bak

1. se ____ w, mwen pa ta kapab pa kontan
2. m t ap gen tan mouri anvan _____ sa a kaba
3. foure bwa nan _____ ou
4. nanpwèn fè ____ ankò
5. Se yon chanson _____ ki genyen youn terib sinifikasyon
6. Yo souri _____
7. sou yon _____ emab
8. jenn moun pa _____ devan okenn zak

wose wèl trenbale voksal
maloukretanti dekana apèsi

9. se lanmou ki nan _____ yo
10. yon vye kamyon _____ m
11. Wilbè ____ zepòl li
12. wout mwen sot fè a _____ anpil
13. komèt yon parèy _____
14. vwa Solon _____ nan chanm nan
15. jwenn agreman _____
16. ban m youn _____

Agasya Chwal Simbi, 99-91

1. Ki moun ki refize deblatere laverite a?
2. Ki kabòch ki nan tchèbòl? Ki rezònman ki fòkòp?
3. Poukisa lespri moun yo anboulatcha nan paj sa yo?
4. Ou kwè Agasya te ka chwazi sa k te pase l?
5. Si l ta gen lalibète kwayans vre, ou kwè li t ap sibi tout peripesi sa yo?
6. Kisa Kesni te vle fè avèk Agasya?
7. Nonmen yon bagay nou aprann sou Simbi lè l pale?
8. Ki sèvis Simbi pwomèt fanmi Kesni Jebo? (81)
9. Apre lwa sa a ale, sa k rive Agasya?
10. Kisa paran Agasya pral fè pou yo manniganse yon ankèt?
11. Ki lè ou bèkèkè? Pou ki rezon?
12. Dapre ou, yon moun ka tonbe anba zepwon ki kalite bagay nan lavi a?
13. Nonmen yon bagay ki te pase nan tan ziltik la

Itilize nan yon fraz:

bout pou bout

bit by bit

egzose
ou ap konnen **filannegwi**
yon rega ki fè wè tout **desepsyon** li
pa bridging kò l
pouryanis

kikinan/toloke lòlòy li

fulfill
in due time

not to budge an inch
irresponsible person;
indifferent

Agasya Chwal Simbi, 92-105

1. Poukisa Agasya gen pwoblèm?
2. Lè y a viv nan menm kay ansanm, ki ti pwoblèm yo ka genyen?
Kisa Solon mande Agasya?
3. Kisa Kesni resevwa lapòs?
4. Sa k pase apre yo fin li lèt la?
5. Kisa ki “zepwonnen” Agasya?
6. Sa k pase apre sa?

Jwèt vokabilè

- | | |
|------------------------------------------------|----------------|
| 1. gen yon gwo pwoblèm | nan petren |
| 2. ou reskonsab, ou te fè yon move bagay | koupab |
| 3. pale, di laverite, revele tout bagay | desere mouchwa |
| 4. Si ou fè yon bagay ou pa t dwe fè ou gen sa | regre |
| 5. yon moun ki bay blag, ki komik, ki pa serye | yon ti joujou |
| 6. fini diskisyon, konvèsasyon | kaba kozman |
| 7. wè pa wè | to ou ta |
| 8. sere yon bagay [yon non] | kachotri |
| 9. se manti, se pa laverite, se yon istwa | bobin |
| 10. ou anraje, ou fè sa ou vle | dechennen |
| 11. “blown away state” | delalasyon |
| 12. tèt ou pa fin yès, ou gen tèt chaje nètale | ou fòkòp |
| 13. lòt mo pou liv | bouken |
| 14. melanje lide; manje... | blende |
| 15. atmosfè | lanbyans |
| 16. je wout, fache | move kou kong |

Agasya Chwal Simbi, 105-115

- | | |
|---------------------------------------------|---------------------|
| 1. Ki kalite ti bèt antre nan kay la? | ti vouvoun |
| 2. Ki reyaksyon Kesni genyen devan l? | Vade retro Satana! |
| 3. Nan ki eta Agasya ye la a? | lwa monte l |
| 4. Kisa nou aprann sou granrann Gagas? | Se manbo l te ye. |
| 5. Ki lòt mo vodwizan yo genyen pou Bondye? | Mahoun |
| 6. Esplike enpòtans lide “ayovi” a. | Timoun ki erite lwa |
| 7. Yon fèt vodwizan yo fè pou lwa yo | Kandjanhoun |
| 8. Sa k pase le 6 janvyè? | “twa wa yo...” |

9. Kisa Agasya fè pou jou twa wa yo?
10. Ki pwoblèm Solon genyen ak jeran l lan?
11. Kijan yo pral koresponn ak li?

Bèl gato ak yon vèvè anwo l
kochon rabonnen patat yo

Simbi...

- | | |
|-------------------------------------|---------------------|
| 1. di yon bagay byen fò | esklamen |
| 2. move lespri, dyab... | movezè |
| 3. chwal ki pou mwen tout bon vre | chwal jitim an mwen |
| 4. yon bann pwoblèm, pakèt mizè | dekalyon peripesi |
| 5. soud... ou pa tande anyen | kesni rete moko |
| 6. lespri anboulatcha | lespri yo mabi |
| 7. fòme otou je yo; nan zorèy ou... | lasi |
| 8. banbòch, fèt, babako... | dezablaza |
| 9. zansèt | tatawèl |
| 10. anmè, chirepit pwofon... | rankè |
| 11. premye jou nan ane a | joudlan |
| 12. 2 janvyè | fèt zansèt yo |

Agasya Chwal Simbi, 116-122

Li sa a: Klas pwochen: 123-136

Pawòl Granmoun: 81 – 96

Ekri sa a: Yon ti paragraf kote ou dekri enpòtans omwens
5 pwovèb... TRAVAY LA SÈLMAN POU LENDI

1. Ki kalite moun reyini sou galri notè a
2. Kisa fanmi Agasya ap prepare pou yo fè?
3. Ki moun ki vizite yo? Poukisa l vizite yo?
4. Kisa msye fè devan yo?
5. Kijan ou wè jès sa a? Eske ou t ap kite yon moun fè sa lakay ou?

Vokabilè

Apantè	notè
gwògmann	marekaj
iyorans	konbinezon
kontrandi	kandjanhoun
bay yon moun lanmen	siylakwa
enkyete	konmisyon
kabòch	moun nayif
debou	yon maten esplandid
moun rete bèbè	endelika

DIKTE!!!

Agasya 123-137

1. Ki pwoblèm Kesni genyen ak kandjanhoun nan?
2. Kisa Jerilya di sou sa
3. Dekri sèn nan kandjanhoun nan?
4. Solon fè yon pale ak ki moun? Sou ki bagay yo pale?
5. Ki egzanp bibliik matant Mèsilya genyen pou Solon?
6. Ki moun ki te ale la?
7. Kote tanbouyè yo kenbe tanbou yo? fantjanm
8. Ki bagay estrawodinè Agasya fè pandan Simbi monte l?
9. Kijan Masiyon, Òtansiyis ak Nabal kalifye Vodou?
10. Kisa moun sa yo t ap manje ak bwè sou galri Chal Bolye a?

enstriman ki gen moso	
metal sou yon bwat	manniboula
entèwonp yon moun pandan l ap paleli antrekoupe l	
ki fè moun pè	seremoni an te efrayik
sezi, bouch be...	bèkèkè
sanzatann, rapid	toudenkou
sekwe, vire lòlòy, choke...	yon rèl ki brannen lespri m
yon ti manje, men pa yon soupe	yon bon soloba
di ou dakò, bay dizon ou	sètifye
anba dlo	plonje
sèvitè sa yo mache sou dife	sèvitè Ogoun
mete ba fè a nan dife	ba fè wouji
kè kal	latrankilite ak kè poze
chik, pis...	bèt nuizib

Agasya Chwal Simbi, 138 – 146

1. Èske kandjanhoun nan te chanje lavi moun yo?
2. Kijan fèt la afèkte msye Kesni?
3. Agasya se ki kalite chwal? chwal fidèl
4. Èske Agasya fè fèt sa a chak ane?
5. Poukisa marasa Agasya yo chetif?
6. Ki move lide antre nan lespri Agasya a?
7. Poukisa Agasya gen mwens lanmou pou Solon?
8. Ki pwoblèm Agasya genyen avèk lwa yo?
9. Èske Agasya sèvi ak lòt lapriyè?
10. Kisa Agasya fè pou geri?

Vokabilè:

kòmiflo, jan sa ta dwe ye...	kòmsadwatèt
bagay vin pi difisil	degrennen

pa tèlman an fòm
ou degoute, ou pa renmen yon bagay
fòs, kapasite fè sa k difisil
Ou pa byen, ou gen pwoblèm
Sante ou tchak
timoun k ap mouri grangou
sezi
limyè
antre nan wonn nan
twou a fon!

kanyan-kanyan
repiyans...
kouray
ou pa yès
flègèdèk flègèdèk
timoun kwachòkò
siprann
klate
entèvni
presipis